

**PANGARIBAWANE MEDHIA MOVIE MAKER
TUMRAP KAWASISAN NYEMAK CRITA RAKYAT
KELAS VII SMP NEGERI 19 SURABAYA**

Dara Mustika Dewi

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

araddewi@gmail.com

Abstrak

Peserta dhidhik minangka paraga ing donya pendhidhikan kudu bisa luwih aktif lan kreatif sajrone proses pamulangan. Salah sawijine pamulangan basa Jawa yaiku materi nyemak kanthi kompetensi dhasar “mangerteni lan nganalisis struktur teks, unsur basa, pesen moral crita rakyat lan ngapresiasi crita rakyat”. Pamulangan nyemak kalebu katrampilan basa kang ora gampang, mula kudu ana medhia pambiyantu sajrone proses pamulangan, salah sawijine yaiku medhia *movie maker*. Underan panliten iki yaiku (1) kepriye kawasisan nyemak crita rakyat tanpa nggunakake medhia *movie maker* ing kelas kontrol, (2) kepriye kawasisan nyemak crita rakyat kanthi nggunakake medhia *movie maker* ing kelas eksperimen, (3) kepriye pangaribawane medhia *movie maker* tumrap kawasisan nyemak crita rakyat, (4) kepriye asil *respon* angket siswa kelas eksperimen kang nggunakake medhia *movie maker*.

Konsep sajrone panliten iki yaiku medhia *movie maker*, nyemak, lan crita rakyat. Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku *Quasi Eksperimental Design* kanthi desain *Nonequivalent Control Group Design*. Teknik kang digunakake yaiku tes lan angket. Instrumen kang digunakake yaiku RPP, lembar soal, lan lembar angket, dene kanggo analisis dhata nggunakake uji *t-signifikansi*.

Adhedhasar dhata kang wis diklumpukake bisa didudut ora ana pambada kang *signifikan* ing kelas kontrol panliten 1 antarane asil *pre-test* lan *post-test* yaiku $t_{itung} = 1,156 < t_{tabel} = 1,685$. Ing panliten 2 kelas kontrol nuduhake ora ana pambada antarane asil *pre-test* lan *post-test* yaiku $t_{itung} = 1,240 < t_{tabel} = 1,685$. Ing kelas eksperimen nuduhake ana pambada kang *signifikan*, panliten 1 antarane *pre-test* lan *post-test* ngasilake $t_{itung} = 8,062 > t_{tabel} = 1,685$. Panliten 2 kelas eksperimen antarane *pre-test* lan *post-test* yaiku $t_{itung} = 8,265 > t_{tabel} = 1,685$. Asil *t-tes signifikan* ing kelas kontrol lan kelas eksperimen panliten 1 nuduhake $t_{itung} = 5,530 > t_{tabel} = 1,666$. Panliten 2 antarane kelas kontrol lan kelas eksperimen ngasilake $t_{itung} = 4,092 > t_{tabel} = 1,666$. Adhedhasar asil itungan kasebut bisa dimangerteni yen ana beda kang *signifikan* antarane kelas kontrol lan kelas eksperimen, ateges medhia *movie maker* bisa ngundhakake kawasisan nyemak crita rakyat siswa kelas VII SMP Negeri 19 Surabaya.

Tembung Wigati: *movie maker*, nyemak, crita rakyat

PURWAKA

Lelandhesan Panliten

Sajrone donya pendhidhikan, materi pamulangan basa Jawa kang digunakake kuwi akeh jinise, salah sijine yaiku katrampilan basa. Miturut Pringgawidagda (2002:133) tujuwan pamulangan basa yaiku kawujud patang katrampilan basa, yaiku katrampilan maca, katrampilan nulis, katrampilan wicara, lan katrampilan nyemak. Patang katrampilan basa kasebut wis kalebu sajrone Kompetensi Dasar kang kudu disinaoni siswa. Saben siswa kudu bisa nguwasani patang katrampilan lisan lan tulis kasebut, jalaran katrampilan kasebut bisa dadi idhentitas manungsa.

Salah siji katrampilan basa kang diwulangake ing SMP kelas VII yaiku katrampilan basa nyemak, kanthi kompetensi inti “mangerteni, ngolah, ngandharake lan njlentrehake sajrone ranah konkret lan ranah abstrak selaras karo kang disinaoni ing sekolah lan sumber liya kang padha sudhut pandhang utawa teorine” lan kanthi kompetensi dhasar “mangerteni lan nganalisis struktur

teks, unsur basa, pesen moral crita rakyat lan ngapresiasi crita rakyat”. Crita rakyat kang dianggo yaiku crita rakyat kang awujud dongeng. Mula saka kuwi panliten iki bakal ngrembug ngenani katrampilan nyemak crita rakyat siswa SMP Negeri 19 Surabaya, mligine para siswa kelas VII.

Sejatine nyemak kuwi kalebu katrampilan basa kang ora gampang mula saka kuwi Munadi (2008:59) merang patang unsur kang ana gegayutane karo nyemak, yaiku nyemak, nggatekake, mangerteni, lan ngeling-eling. Katrampilan basa nyemak bisa ditegesi nyemak crita narasi, drama, pawarta lan sapanunggalane. Sajrone katrampilan nyemak, saben siswa nduweni perkara utawa alangan. Kaya dene wektu siswa kudu nyemak crita kang dicritakake gurune, saperangan siswa rumangsa kangelan anggane nyemak lakune crita kasebut. Mula saka kuwi, supaya para siswa ora rumangsa kangelan anggane nyemak crita, sajrone proses pamulangan kudu diwenahi *kreativitas* utawa ide-ide anyar kanggo mbantu para siswa supaya luwih gampang ngrembakake katrampilan nyemak crita.

Medhia anyar kang kapilih kanggo digunakake ing panliten iki yaiku medhia *audiovisual* awujud *movie maker*. *Movie maker* bisa digunakake kanggo nggawe medhia arupa *video* utawa *film* (Asyhar, 2011:76). Miturut Tutang lan Annas (2006:2) *movie maker* yaiku salah sawijine *program edit video* kang ditindakake dening pawongan kang isih sethithik pangalamane utawa durung ahli nggawe *video*. Dadi bisa ditegesi yen nggawe medhia *movie maker* kuwi sejatine ora angel, yen bisa mangerteni lan mahami *menu* utawa *fasilitas* kang wis ana. Pangetrape medhi *movie maker* iki minangka salah siji cara pangrembakane *teknologi* ing donya pendhidhikan. Saliyane kuwi, medhia *movie maker* iki dirasa medhia kang bisa narik kawigaten para siswa amarga medhia *movie maker* minangka medhia pamulangan kang sampurna saliyané medhia *film*, yaiku medhia kang ana perangan *audio* utawa suwara lan perangan *visual* utawa gambar.

Underane Panliten

Adhedhasar lelandhesan panliten kang wis diandharake, bisa diweruhi yen panliten iki bakal ngandharake ngenani pangaribawane medhia *movie maker* tumrap kawasisan nyemak cita rakyat ing SMP Negeri 19 Surabaya. Mula saka kuwi underan panliten kang bakal dirembung kaya ing ngisor iki :

- (1) Kepriye kawasisan nyemak cita rakyat kelas VII ing SMP Negeri 19 Surabaya tanpa nggunakake medhia *movie maker* ing kelas kontrol?
- (2) Kepriye kawasisan nyemak cita rakyat kelas VII ing SMP Negeri 19 Surabaya kanthi nggunakake medhia *movie maker* ing kelas eksperimen?
- (3) Kepriye pangaribawane medhia *movie maker* tumrap kawasisan nyemak cita rakyat kelas VII ing SMP Negeri 19 Surabaya?
- (4) Kepriye asil *respons* angket siswa kelas eksperimen kang nggunakake medhia *movie maker*?

Ancase Panliten

Adhedhasar underane panliten ing ndhuwur, bisa diweruhi ancas panliten iki kaya ing ngisor iki :

- (1) Ngandharake kawasisan nyemak cita rakyat kelas VII ing SMP Negeri 19 Surabaya tanpa nggunakake medhia *movie maker* ing kelas kontrol.
- (2) Ngandharake kawasisan nyemak cita rakyat kelas VII ing SMP Negeri 19 Surabaya kanthi nggunakake medhia *movie maker* ing kelas eksperimen.

- (3) Ngandharake pangaribawane medhia *movie maker* tumrap kawasisan nyemak cita rakyat kelas VII ing SMP Negeri 19 Surabaya.
- (4) Ngandharake asil *respons* angket siswa kelas eksperimen kang nggunakake medhia *movie maker*.

Hipotesis Panliten

Hipotesis yaiku jawaban kang nduweni sipat sawetara tumrap perkara panliten, nganthi bisa dibuktekake lumantar dhata kang dikumpulake (Arikunto, 2013:76). Miturut Sugiyono (2012:64) hipotesis yaiku jawaban sawetara tumrap underan panliten, ing ngendi underan panliten wis ditulis arupa ukara pitakonan. Hipotesis sajrone panliten iki ana 2, kang digambarake H_1 lan H_0 .

H_1 yaiku medhia *movie maker* nduweni pangaribawa kang *signifikan* tumrap kawasisan nyemak cita rakyat kelas VII ing SMP Negeri 19 Surabaya taun ajaran 2014/2015.

H_0 yaiku medhia *movie maker* ora nduweni pangaribawa kang *signifikan* tumrap kawasisan nyemak cita rakyat kelas VII ing SMP Negeri 19 Surabaya taun ajaran 2014/2015.

Paedahe Panliten

Panliten iki nduweni paedah kanggo menehi sumbangsih kawruh ing babagan pendhidhikan, mligine pamulangan basa Jawa ing SMP Negeri 19 Surabaya. Paedahe kaya ing ngisor iki :

- (1) Kanggo Guru

Kanggo guru, panliten iki bisa menehi kawruh ngenani pangaribawane medhia *movie maker* tumrap kawasisan nyemak cita rakyat. Saliyane kuwi uga bisa menehi ide utawa gagasan kanggo nggawe panliten-panliten utawa cara-cara kanggo ngundhakake asil pasinanon siswa sabanjure.

- (2) Kanggo Siswa

Kanggo siswa, medhia *movie maker* bisa mbantu siswa nampa pamulangan kang diwenehake. Medhia kang digunakake kanggo mbantu proses pamulangan iki beda karo medhia sadurunge. Saliyane kuwi medhia iki uga durung tau digunakake ing siswa SMP Negeri 19 Surabaya, saengga medhia *movie maker* kang digunakake iki diajab bisa luwih narik kawigaten siswa, sarta pamulangan iki luwih nyenengake lan luwih gampang ditampa dening para siswa.

- (3) Kanggo Sekolah

Kanggo sekolah, medhia *movie maker* iki bisa menehi sumbangsih *positif*. Salah sijine

yaiku *meminimalkan* utawa ngurangi perkara utawa alangan para siswa anggone nampa materi pamulangan, sarta menehi ide utawa gagasan supaya para guru bisa menehi *kreativitas* lan *inovasi* kanggo pamulangan sajrone kelas.

Wewatesan Panliten

(1) Pangaribawa

Pangaribawa yaiku kakuwatan kang tuwuh saka pawongan kang bisa menehi owah-owahan tumrap samubarang kang ana ing sakupenge (Surakhmad, 1982:7). Pangaribawa kang ana ing panliten iki yaiku owah-owahane kahanan sadurunge para siswa diwenehi medhia pamulangan kang digunakake lan sawise medhia pamulangan digunakake. Dadi bisa ditegesi yen pangaribawa yaiku owah-owahane kahanan pamulangan sadurunge lan sawise medhia diwenehake kanggo mbantu pamulangan ing kelas.

(2) Medhia *Movie Maker*

Medhia kang dimaksud sajrone panliten iki yaiku alat lan sarana kang digunakake sajrone pamulangan kanggo panyambung materi saka guru kanggo siswa kanthi cara-cara tartamtu supaya para siswa luwih bisa mangerteni lan paham samubarang materi pamulangan kang diwulangake dening guru.

Miturut Tutang lan Annas (2006:2) *movie maker* yaiku salah sawijine *program edit video* kang ditindakake dening pawongan kang isih sethithik pangalamane utawa durung ahli nggawe *video*. Medhia *movie maker* iki arupa *visual* utawa gambar lan ana *rekaman* utawa swara cita rakyat kang arupa dongeng.

(3) Kawasisan

Kawasisan yaiku kasaguhan, kakuwatan upayane manungsa kang ana gegayutane kaliyan kagiyatan pakaryan kanthi *efektif* (Sinaga lan Hadiati, 2011:34). Kawasisan sajrone panliten iki yaiku kawasisan para siswa mangerteni lan paham ngenani materi pamulangan kang diwulangake dening guru. Kawasisan siswa ing panliten iki diajab bisa luwih becik yen para siswa wis diwenehi medhia pamulangan *movie maker* kanggo mbantu para siswa nampa pamulangan nyemak dongeng.

(4) Nyemak

Nyemak minangka salah siji katrampilan basa. Nyemak yaiku kagiyatan ngrungokake simbol lisan kanthi cara nggatekake, mangerteni, ngapresiasi kanggo ngolehake *informasi*, nangkep isi utawa pesen

sarta mangerteni makna *komunikasi* (Tarigan, 2008:31). Dadi bisa ditegesi nyemak kuwi komunikasi lumantar basa lisan saka pawongan siji utawa sumber swara marang pawongan liya.

(5) Cita Rakyat

Djamaris (sajrone Danandjaya 1986:15) ngandharake yen cita rakyat yaiku golongan cita kang tuwuh lan ngrembaka kanthi cara turun-temurun. Salah siji jinis cita rakyat yaiku dongeng kang bakal digawe materi pamulangan ing panliten iki. Dalan cita dongeng, akeh kang ora bisa dinalar utawa kebak khalayan lan asipat imajinatif. Cita dongeng biyasane cita jaman biyen kang kebak unsur ghaib utawa mistis.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Medhia

Tembung medhia asale saka basa Latin yaiku medhium kang nduweni teges pangantar utawa sarana. Medhia yaiku perangan sumber pasinaon kang ngandhut materi pamulangan ing lingkungan siswa kang bisa mancing siswa supaya sinau (Arsyad, 2011:4). Miturut Briggs (sajrone Sadiman, 2010:6) medhia yaiku samubarang alat *fisik* kang bisa nyajekake utawa menehi pesen sarta daya rangsang tumrap siswa kanggo sinau, tuladhane buku, film, kaset, lan sapiturute. Sadiman (2010:7) ngandharake medhia yaiku samubarang kang bisa digunakake kanggo nglantapake pesen saka pangirim marang panampa saengga bisa ngrangsang pamikiran, pangrasa, kawigaten lan minat siswa supaya proses pamulangan bisa kalakon.

Miturut Sudjana lan Rivai (2010:2) fungsi medhia sajrone proses pamulangan antarane yaiku :

- (1) Pamulangan bakal luwih bisa narik kawigaten siswa saengga bisa nuwuhake *motivasi* sinau;
- (2) Materi pamulangan bakal luwih cetha maknane saengga bisa luwih dimangerteni dening para siswa, lan para siswa bisa luwih mahami tujuan pamulangan kanthi becik;
- (3) Metodhe pamulangan bakal luwih akeh, ora mung *komunikasi verbal* kanthi *tuturan* tembung-tembung dening guru, saengga siswa ora bosen;

Siswa luwih bisa nindakake kagiyatan sinau, amarga ora mung ngrungokake apa kang dijlentrehake guru, nanging uga bisa nduweni kagiyatan liya kayata nggatekake, nindakake, lan liya-liyane.

Medhia *Movie Maker*

Tutang lan Annas (2006:2) ngandharake yen *movie maker* yaiku salah sawijine *program edit video* kang ditindakake dening pawongan kang isih sethithik

pangalamane utawa durung ahli nggawe *video*. *Movie maker* minangka medhia kang bisa awèh kalodhangan kanggo nggawe medhia arupa *video* utawa *film* (Asyhar, 2011:68). Adhedhasar andharan kasebut bisa dimangerteni yen medhia *movie maker* yaiku medhia kang paling trep digunakake sajrone panliten iki, amarga medhia kasebut ora mbutuhake pangalaman utawa *keahlian* kang mligi kanggo nggawe medhia kasebut. Anggone nggawe medhia *movie maker* mung mbutuhake mangerteni tetembungan-tetembungan utawa *menu* kang wis ana.

Medhia *movie maker* yaiku salah siji medhia *audiovisual* amarga medhia *movie maker* bisa nampilake *audio* utawa swara lan uga ana *visual* utawa gambar. Swara lan gambar kang arep digawe sajrone pamulangan nyemak cita rakyat iki bisa digawe lan dirancang dhewe kanthi diselerasake karo kabutuhane. Anane swara lan gambar kang ana sajrone medhia *movie maker* iki bakal bisa narik kawigaten para siswa anggone nyemak cita lan mbiyantu para siswa nemokake ide pokok utawa dudutan cita rakyat kang wis disemak.

Katrampilan Basa

Miturut Basir (2011:16) katrampilan basa dipérang dadi patang aspek utama, yaiku nyemak, wicara, maca, lan nulis. Sejatine patang katrampilan kasebut nyawiji utawa biyasa kasebut *catur tunggal* amarga nyatane cara pangatrapane ora bisa dipisahake antara siji lan sijine (Tarigan, 2008:1). Katrampilan basa sajrone kurikulum ing sekolah biyasane ana patang aspek yaiku katrampilan nyemak, katrampilan wicara, katrampilan maca lan katrampilan nulis. Saben katrampilan kasebut nduweni sesambungan karo telung katrampilan liyane kanthi cara maneka warna.

Saka andharan kasebut bisa ditegesi yen anggone sinau katrampilan basa kuwi ora bisa mung sinau katrampilan basa siji wae, amarga yen sinau katrampilan basa siji mesthi ana gegayutane karo katrampilan basa liyane. Katrampilan basa nyemak bisa digayutake karo katrampilan basa wicara, katrampilan basa wicara bisa digayutake karo katrampilan basa nulis, katrampilan basa nulis bisa digayutake karo katrampilan basa maca lan sapiturute.

Katrampilan Nyemak

Nyemak minangka salah siji katrampilan basa kang ora gampang ditindakake. Sajrone proses nyemak mbutuhake kawigaten kang luwih kanggo mangerteni lan mahami samubarang kang dirungokake saka sumber swara katamtu. Miturut Anderson (sajrone Tarigan, 2008:30) nyemak minangka proses ngrungokake, ngenal, sarta njabarake simbol-simbol lisan. Nyemak yaiku proses kagiyatan ngrungokake simbol-simbol lisan kanthi

kawigaten kang luwih, mangerteni, ngapresiasi, sarta njlentrehake samubarang supaya bisa oleh *informasi*, mangerteni isi utawa pesen, sarta mangerteni makna *komunikasi* kang wis diandharake dening pambiwara lumantar omongan utawa basa lisan (Tarigan, 2008:31). Bab kuwi selaras karo panemune Hanafi (1995:18) yen nyemak yaiku ngrungokake kanthi mligi lan kapunjerake marang objek kang disemak. Saka pamawas para ahli kasebut bisa dimangerteni yen sejatine nyemak yaiku ngrungokake, mangerteni lan njlentrehake simbol-simbol lisan saka sumber swara tartamtu.

Sejatine jinise katrampilan nyemak kuwi mung ana 2, nanging saka 2 jinis katrampilan nyemak kuwi bisa dipérang maneh dadi maneka warna jinis nyemak. Miturut Tarigan (2008:38) jinis-jinise nyemak bisa dipérang dadi 2, yaiku :

- (1) Nyemak Ekstensif (*extensive listening*) yaiku jinis kagiyatan nyemak ngenani samubarang kang luwih umum lan luwih bebas omongane utawa cecaturane, ora mesti kanthi bimbingan guru. Sajrone kagiyatan nyemak ekstensif bisa dipérang dadi 4, yaiku *sosial*, *sekunder*, *estetik*, lan *pasif*.
 - (a) Nyemak *sosial* yaiku kagiyatan nyemak kang biyasane kedadeyan ing panguripan *sosial* utawa panggon ing ngendi masyarakat padha cecaturan ngenani samubarang kang bisa narik kawigaten kabèh pawongan kang ana.
 - (b) Nyemak *sekunder* yaiku kagiyatan nyemak kanthi cara ora disengaja lan kanthi cara *ekstensif*.
 - (c) Nyemak *estetik* yaiku babagan pungkasan lan kagiyatan nyemak kang kalebu sajrone nyemak kang ora disengaja lan nyemak kanthi cara *ekstensif*.
 - (d) Nyemak *pasif* yaiku mangerteni omongan tanpa anane upaya sadhar kang biyasane dadi tetenger upaya-upaya nalika sinau kanthi kurang mawas, gupuh lan sapiturute.
- (2) Nyemak Intensif yaiku jinis kagiyatan nyemak kang kudu utawa perlu anane *pengawasan* utawa *kontrol*. Kagiyatan nyemak iki biyasae digunakake sajrone pamulangan basa. Nyemak Intensif uga bisa dipérang dadi 6, yaiku *kritis*, *konsentratif*, *kreatif*, *eksploratif*, *interogatif* lan *selektif*.
 - (a) Nyemak *kritis* yaiku jinis kagiyatan nyemak arupa nggoleki salahe utawa kelirune samubarang kang bener lan pener saka omongane pambiwara utawa sumber swara kanthi alesan-alesan kuat kang bisa ditampa akal.
 - (b) Nyemak *konsentratif* yaiku jinis nyemak *telaah*.

- (c) Nyemak *kreatif* jinis kagiyatan nyemak kang bisa nuwuhake kasenangan asipat *imajinatif* para panyemak tumrap pangrungon, pandeleng, tumindak sarta pangrasa-pangrasa *kinestetik* samubarang kang disemak.
- (d) Nyemak *eksploratif* yaiku jinis kagiyatan nyemak *intensif* kanthi makna lan tujuwan nggoleki samubarang kang luwih *jelas* lan *sempit*.
- (e) Nyemak *interogatif* yaiku jinis kagiyatan nyemak *intensif* kang nutut luwih akeh pamikiran lan pamilihan bagian-bagian saka omongan pambiwara utawa sumber swara amarga panyemak bakal nduweni akeh pitakonan.
- (f) Nyemak *selektif* yaiku kagiyatan nyemak kang diulang-ulang lan ora mung ngrungokake saperangan omongan pambiwara utawa sumber swara, nanging kudu ngrungokake kabeh omongan kang saka pambiwara utawa sumber swara kasebut.

Miturut Tarigan (2008:57) tujuwan nyemak kuwi ana 8, yaiku (1) nyemak kanggo sinau, (2) nyemak kanggo *nikmati*, (3) nyemak kanggo evaluasi, (4) nyemak kanggo ngapresiasi, (5) nyemak kanggo mungkasi perkara, (6) nyemak kanggo mbedakake swara, (7) nyemak kanggo ngyakinake, lan (8) nyemak kanggo observasi. Saka andharan kasebut bisa dimangerteni yen nyemak yaiku proses utawa kagiyatan meruhi samubarang *informasi* nganggo indra pangrungon kang nduweni tujuwan kanggo mangerteni samubarang isi lan pesen saka bahan kang disemak.

Sajrone kagiyatan nyemak, saliyané nduweni tujuwan uga nduweni tata cara kang kudu dimangerteni dening sapa wae kang arep nindakake kagiyatan nyemak. Supaya kagiyatan nyemak bisa kalakon kanthi trep kudu nggatekake saperangan tata carane nyemak supaya bisa asil mangerteni samubarang isi lan pesen ing bahan kang disemak. Miturut Logan (sajrone Tarigan, 2008:63) ana 5 cara sajrone kagiyatan nyemak, yaiku :

- (1) Ngrungokake yaiku ngrungokake samubarang kang dijlentrehake dening pambiwara awujud tetembungan kang diomongake.
- (2) Mangerteni yaiku tahap sawise ngrungokake, ana pepenginan kanggo mangerteni utawa mahami kanthi trep ngenani isi samubarang kang diandharake dening pambiwara.
- (3) Njabarake yaiku yaiku tahap ing ngendi panyemak durung bisa marem yen mung ngrungokake lan mangerteni isi samubarang kang wis dirungokake, panyemak uga pengin njabarake isi lan panemune saka apa kang wis dirungokake.

- (4) Ngevaluasi yaiku sawise mangerteni sarta njabarake isi, panyemak wiwit menahi pambiji ngenani kaluwihan lan kakurangan sarta kabecikan lan kaalaan pambiwara.
- (5) Nanggapi yaiku tahap pungkasan sajrone kagiyatan nyemak. Panyemak bisa nrima, mangerteni, lan nyerep sarta nrima panemu utawa ide kang diandharake dening pambiwara. Pawongan kang nyemak bisa menahi panyaru utawa pitakonan.

Crita Rakyat

Miturut Danandjaya (1986:50) crita rakyat yaiku perangan saka folklor lisan kang asli. Djamaris (sajrone Danandjaya, 1986:15) ngandharake yen crita rakyat yaiku golongan crita kang tuwuh lan ngrembaka kanthi cara *turun-temurun*. Adhedhasar pamawas kang diandharake bisa dimangerteni crita rakyat yaiku crita kang tuwuh lan ngrembaka sajrone masyarakat ing ngendi asale crita kasebut (biyasane panggonan kang dadi latar crita) lan kabeh masyarakat mangerteni crita kasebut. Crita rakyat biyasa disebarake kanthi cara lisan.

Amarga crita rakyat tuwuh lan ngrembaka ing masyarakat utawa rakyat, mula crita iki nggambarake panguripan masyarakat ing ngendi crita iku tuwuh. Crita rakyat ora mung minangka panglipur kanggo masyarakat, nanging uga minangka gegambaran tumindak lan angeng-angen klompok masyarakat, piranti pendhidhikan sarta kabudayan lan norma masyarakat. Mula bisa dimangerteni yen crita rakyat yaiku salah siji wujud pamikiran klompok masyarakat kang nyengkuyung kabudayan.

Sejatine jinis-jinis crita rakyat ana akeh banget, ing kene bakal diandharake telu jinis crita rakyat miturut pamanggih para ahli nanging miturut William R. Bascom (sajrone Danandjaya, 1986:50) ana telu jinis kang paling asring kasebut, yaiku :

- (1) Mite utawa mitos yaiku crita-crita suci kang nyengkuyung *sistem kepercayaan* utawa agama (religi), crita kang ana sesambungané karo kapitayan masyarakat ing ngendi crita kuwi ana (Hutomo, 1991:63). Miturut William R. Bascom (sajrone Danandjaya, 1986:50) mitos utawa mite yaiku crita rakyat kang dianggep bener-bener kedadeyan lan dianggep suci. Mite biyasane nyritakake ngenani dewa utawa makluh setengah dewa. Prastawa kuwi ana ing donya liya utawa ora ing donya kang dikenal kaya saiki lan kedadeyane ing jaman biyen.
- (2) Miturut Hutomo (1991:64) legenda yaiku crita-crita kang miturut masyarakat kang nduweni crita kasebut minangka prastawa-prastawa sejarah. William R. Bascom (sajrone Danandjaya, 1986:50) ngandharake yen legenda yaiku crita rakyat kang

nduweni titikan memper karo mite, yaiku dianggep bener-bener ana kedadeyane, nanging ora dianggep suci. Beda karo mite, para paraga legenda ora dewa nanging manungsa kang dicritakake nduweni sipat kang ora biyasa tinimbang manungsa liyane lan asring diwangi dening makhluk ghaib. Panggonan kedadeyane dikenal lan wektu kedadeyane uga durung suwe.

- (3) Wiliam R. Bascom (sajrone Danandjaya, 1986:50) Dongeng yaiku crita rakyat kang dianggep bener-bener kedadeyan kanggo pawongan percaya. Dongeng uga ora ana wektu lan panggonan kang pasti.

Saben crita nduweni unsur utawa peranan pamangune, kaya dene crita rakyat uga nduweni unsur pamangun. Wellek dan Warren (sajrone Najid, 2009:23) ngandharake unsur prosa fiksi bisa diperang dadi 2, yaiku unsur intrinsik lan unsur ekstrinsik. Unsur intrinsik yaiku unsur-unsur kang mbangun karya sastra, dene unsur ekstrinsik yaiku unsur-unsur kang ana ing sanjabane karya sastra (Nurgiyantoro, 2007:23). Ing kene bakal ngandharake ngenani unsur intrinsik sajrone crita rakyat, unsur-unsur kasebut yaiku :

- (1) Tema lan Amanat

Tema asring diarani minangka dhasar crita, yaiku pokok perkara kang *mendominasi* karya sastra (Najid, 2009:34). Miturut Stanton (sajrone Nurgiyantoro, 2007:70) tema yaiku makna crita kang mligine njlentrehake saperangan unsur kanthi cara kang apa anane. Tema uga bisa diarani *ide pokok* lan tujuwan utama. *Ide pokok* iki kang dadi lelandhesane crita bisa lumaku kanthi becik. *Ide pokok* kuwi bisa dirembakake supaya nduweni makna crita kang becik lan bisa narik kawigaten. Amanat yaiku pesen kang ana utawa sumirat sajrone crita. Pesen kang ana sajrone crita kuwi diajab bisa awèh pamulangan kanggo sapa wae kang maca crita kasebut.

- (2) Paraga

Miturut Abrams (sajrone Nurgiyantoro, 2007:165) paraga yaiku pawongan kang ana sajrone karya naratif utawa drama, kang dening pamaca ditegesi nduweni moral tartamtu kang digambarake sajrone pangucapan lan apa wae kang dilakoni sajrone tumindak. Lakon kang nyengkuyung prastawa saengga bisa nuwuhake crita diarani paraga (Najid, 2009:27).

Saka pamawas kasebut bisa dimangerteni paraga minangka peranan crita kang wigati tumrap mlakune utawa dalane crita, lan tanpa paraga crita kasebut ora bisa lumaku. Paraga minangka gegambaran pawongan kang ana ing crita uga nuduhake watak lan karakter paraga utawa

pawongan kang ana sajrone crita lumantar tumindak, pangucapan, lan pamikiran paraga kasebut. Watak lan karakter paraga sajrone crita uga bisa digambarake dening paraga liya sajrone crita.

- (3) Latar

Latar crita uga biyasa diarani *setting*. Miturut Abrams (sajrone Nurgiyantoro, 2007:216) latar utawa *setting* kang uga kasebut minangka lelandhesan kang tumuju marang panegesan panggonan, wektu lan lingkungan sosial panggonan kedadeyane prastawa-prastawa kang dicritakake. Wektu lan panggonan sarta lingkungane sajrone crita diarani latar crita utawa *setting* (Najid, 2009:30). Perangan-perangan kasebut nduweni sesambungan marang siji lan sijine, uga ora bisa dipisahake siji-siji.

Latar panggonan luwih nengenake panggonane prastawa crita kang dicritakake. Latar wektu luwih nengenake kapan prastawa kuwi ana. Latar lingkungan sosial luwih nengenake tumindak sosial panguripan masyarakat ing panggonan kasebut dicritakake.

- (4) Alur

Miturut Stanton (sajrone Nurgiyantoro, 2007:113) alur yaiku urutan prastawa, nanging saben prastawa kasebut mung digayutake kanthi sebab-akibat, prastawa kang siji disebabake utawa nyebabake kedadeyane prastawa liyane. Urut-urutane saperangan prastawa, kanthi *linier* utawa lurus kanthi cara *kasualitas*, saengga mujudake *satu-kesatuan* kang sampurna, padu lan bunder sajrone crita disebut alur (Najid, 2009: 24). Adhedhasar pamawas kasebut bisa dimangerteni alur minangka urutan crita saka prastawa yaiku kedadeyan wiwitan prastawa kasebut bisa ana, konflik yaiku anane kedadeyan kang nuwuhake konflik utawa prakara lan klimaks yaiku *penyelesaian* utawa pungkasan crita.

Landhesan Teori

Ing peranan landhesan teori iki bakal ngandharake ngenani teori kang digunakake sajrone panliten kang bakal ditindakake. Panliten kang arep ditindakake iki nggunakake teori kang akeh banget, nanging mung saperangan teori wae kang digunakake dadi landhesan teori. Panliten kang bakal ditindakake iki ngenani pangaribawane medhia *movie maker* tumrap kawasisan nyemak crita rakyat, mula teori kang digunakake saka teori-teori para ahli kang trep karo perkara kang dirembug sajrone panliten iki saengga bisa diandharake kanthi cetha.

Nyemak minangka salah siji katrampilan basa kang diwulangake ing pamulangan basa Jawa. Konsep

katrampilan nyemak sajrone panliten iki nggunakake teori saka Tarigan (2008:31) yaiku proses kagiyatan ngrungokake simbol-simbol lisan kanthi kawigaten kang luwih, mangerteni, ngapresiasi, sarta njlentrehake samubarang supaya bisa oleh *informasi*, mangerteni isi utawa pesen, sarta mangerteni makna *komunikasi* kang wis diandharake dening pambiwara lumantar omongan utawa basa lisan.

METODHE PANLITEN

Rancangan Panliten

Panliten kang nduweni irah-irahan “Pangaribawane Medhia *Movie Maker* Tumrap Kawasisan Nyemak Crita Rakyat Kelas VII SMP Negeri 19 Surabaya Taun 2014/2015” nggunakake angka-angka yaiku asil utawa pambiji kanggo siswa sajrone piwulangan nyemak crita rakyat. Tujuwan saka panliten iki yaiku kanggo meruhi pangaribawane medhia *movie maker* tumrap kawasisan nyemak crita rakyat siswa kelas VII SMP Negeri 19 Surabaya.

Panliten iki kalebu panliten *eksperimen*. *Eksperimen* yaiku cara kanggo nggoleki sesambungan sebab-akibat (sesambungan kausal) antarane rong perangan kang disengaja diciptakake dening panliti kanthi ngilangi utawa ngurangi perangan-perangan liya kang ngganggu utawa ora wigati (Arikunto, 2013:9). Miturut Sugiyono (2012:72) metodhe panliten *eksperimen* yaiku metodhe panliten kang digunakake kanggo nggoleki pangaribawane perlakuan utawa *treatment* tartamtu kang ditrapake sajrone kaanan kang wis diatur. Mula saka kuwi Sugiyono (2012:73) merang jinis panliten *eksperimen* dadi 4, yaiku *Pre Experimental Design*, *True Experimental Design*, *Factorial Experimental Design*, lan *Quasi Experimental Design*. Campbell lan Stanley (sajrone Arikunto, 2013:123) merang jinis panliten *eksperimen* adhedhasar becik alane *eksperimen*, utawa sampurna orane *eksperimen*, yaiku *Pre Experimental Design* (*eksperimen* kang durung becik) lan *True Experimental Design* (*eksperimen* kang dirasa wis becik).

Desain Panliten

Desain panliten yaiku cara kang digunakake nggoleki asile dhata panliten. Panliten iki bakal nggunakake panliten *Quasi Eksperimental Design* kanthi *nonequivalent control group design*. Jinis desain panliten iki digunakake amarga jinis iki kang dirasa paling kuwat. Desain panliten iki bakal nggunakake 2 kelas kanggo panliten, yaiku kelas *eksperimen* (E) lan kelas *kontrol* (P). Ing kelas *eksperimen* bakal ana tindakan (X) awujud menehi piwulangan nggunakake medhia, yen ing kelas

kontrol ora nggunakake medhia. Miturut Sugiyono (2012:79) panliten *eksperimen* iki nduweni pola kaya :

$$\begin{array}{ccc} O_1 & X & O_2 \\ \hline O_3 & & O_4 \end{array}$$

Katrangan :

O_1 dan O_3 : asil piwulangan kelas sadurunge diwenehi tindakan

O_2 : asil piwulangan kelas *eksperimen*

O_4 : asil piwulangan kelas *kontrol*

Andharan kasebut nuduhake kepriye jinis desain panliten kang digunakake kanthi cetha. Panliten kang digunakake iki nyoba mbandhingake asil piwulangan nyemak crita rakyat kanthi nggunakake medhia *movie maker* lan tanpa nggunakake medhia *movie maker*.

Variabel Panliten

Variabel yaiku objek panliten utawa apa kang dadi punjere panliten (Arikunto, 2013:161). Miturut Sugiyono (2012:38) variabel yaiku samubarang kang bisa awujud apa wae kang wis ditemtokake dening panliti kanggo disinaoni saengga bisa oleh *informasi* ngenani babagan kasebut, banjur bisa ditarik dudutan. Saben panliten nduweni variabel, yaiku variabel kang menehi pangaribawa utawa variabel *bebas* lan variabel kang tuwuh saka *akibat* variabel *bebas* utawa biyasa kasebut variabel *kaiket*. Sajrone panliten iki uga nduweni kaloro variabel kasebut. Variabel utama kang ana ing panliten iki yaiku medhia *movie maker* minangka variabel ora *kaiket* lan asil piwulangan nyemak crita rakyat minangka variabel *kaiket*.

Populasi lan Sampel

Sajrone panliten iki nggunakake *populasi* siswa kelas VII SMP Negeri 19 Surabaya kang cacahé ana 12 kelas. *Populasi* kelas VII SMP Negeri 19 Surabaya kang cacahé ana 12 kelas ora ateges yen 12 kelas kuwi digunakake kanggo nindakake panliten, nanging mung 2 kelas wae kang dianggo sajrone panliten iki. Cacah 2 kelas kuwi dianggep bisa dadi sesulih sakabehane kelas VII SMP Negeri 19 Surabaya.

Ana 2 kelas kang dadi *sampel* sajrone panliten iki, yaiku siswa kelas VII A lan VII E SMP Negeri 19 Surabaya. Kapilihe 2 kelas kuwi adhedhasar rembugan karo guru basa Jawa ing SMP Negeri 19 Surabaya amarga kawasisan nyemak ing kelas VII kuwi meh padha. Mula saka kuwi panliti njupuk *sampel* ing kelas VII A lan VII E, amarga dirasa pas, adhil lan gampang yen kawasisan siswa ing kelas *eksperimen* lan kelas *kontrol* kuwi padha.

Instrumen Panliten

Sajrone proses piwulangan kudu nggunakake RPP minangka paugeran apa kanga rep diwulangake. Ing panliten iki uga nggunakake RPP kanggo paugeran mulangake materi lan kanggo njupuk dhata panliten. Sajrone piwulangan kang perlu diperhatikake lan uga ana ing RPP yaiku wektu, indicator lan materi apa kang arep diwulangake. Panliti nggunakake 2 RPP sajrone panliten iki, yaiku RPP kang kanggo medhia *movie maker* kanggo kelas *eksperimen* lan RPP tanpa nggunakake medhia *movie maker* kanggo kelas *kontrol*.

Miturut Arikunto (2013:193) tes yaiku pitakonan utawa latiyen terus-terusan sarta piranti liya kang digunakake kanggo ngukur katrampilan, kawruh *intelegensi*, kawasisan utawa bakat kang diduweni dening *individu* utawa klompok. Tes nduweni guna kanggo meruhi lan nemtokake predhikat sawijine pawongan (Sugiyono, 2012:171). Sajrone panliten iki nggunakake tes *intelegensi* kang awujud *essay* kanggo nglumpukake dhata panliten awujud angka yaiku biji utawa *nilai*. Tes *intelegensi* yaiku tes kang digunakake kanggo nganakake *estimasi* utawa hipotesis tumrap tingkat *intelektual* kanthi cara menehi saperangan tes (Arikunto, 2013:194). Tes kang digunakake yaiku nyemak crita rakyat kanthi *pre-test post-test 1* lan *pre-test post-test 2*.

Angket yaiku kumpulane pitakonan kang ditulis digunakake kanggo meruhi *informasi* saka *responden* ngenani pribadine *responden* utawa samubarang kang pengin diweruhi (Arikunto, 2013:194). Miturut Sugiyono (2012:142) angket yaiku teknik nglumpukake dhata kang ditindakake kanthi cara menehi saperangan pitakonan tulis marang *responden* kanggo dijawab. Angket iki nduweni tujuan kanggo mangerteni *respon* siswa tumrap pangetrapane medhia *movie maker* lan dampak utawa *efek* medhia *movie maker* sajrone piwulangan nyemak crita rakyat.

Teknik Nglumpukake Dhata

Tata cara nglumpukake dhata yaiku carane panliti nglumpukake dhata-dhata kanggo nindakake panliten iki. Nglumpukake dhata minangka salah sawijine babagan kang paling wigati sadurunge nindakake panliten. Panliten ora bisa mlaku, sadurunge panliti nglumpukake dhata kanggo njangkepi panliten kang bakal ditindakake. Mula saka kuwi panliti kudu nemtokake cara nglumpukake dhata dhisik kang digunakake sadurung nindakake panliten. Teknik kanggo nglumpukake dhata sajrone panliten iki yaiku teknis tes lan teknik angket.

Teknik Analisis Dhata

Sawise nglumpukake dhata kang dibutuhake kanggo panliten iki banjur dhata-dhata kasebut dianalisis, proses iki kang disebut teknik analisis dhata. Teknik

analisis dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku t-test rong sampel, amarga bakal nguji signifikansi rong sampel. Analisis dhata bisa diperang dadi telu, yaiku *persiapan*, tabulasi, lan pangetrepan dhata adhedhasar desain panliten (Arikunto, 2013:278). Teknik analisis dhata sajrone panliten iki yaiku :

1) Nemtokake SKM

SKM utawa Standar Ketuntasan Minimal yaiku biji utawa nilai *terendah* kang kudu *dicapai* siswa. SKM ditemtokake dening sekolah, dadi saben sekolah nduweni SKM kang beda gumantung sekolahe netepake pira biji utawa nilai SKM. Ing SMP Negeri 19 Surabaya nemtokake SKM mata pelajaran basa Jawa kanthi biji 80, lan siswa dianggep lulus utawa tuntas yen wis oleh biji kasebut. Cara ngitung biji, yaiku :

$$\frac{\text{Jumlah skor asil}}{\text{Jumlah skor sakabahan}} \times 100$$

2) Nemtokake Reliabilitas Instrumen

Kanggo nemtokake reliabilitas instrumen ing panliten iki nggunakake rumus K-R. 21 kanggo nganalisis dhata. Rumus K-R. 21 dipilih lan digunakake amarga nggunakake *pre-test post-test* kanthi wujud soal *essay*. Kanggo ngitung uji reliabilitas instrumen nggunakake rumus K-R. 21, yaiku :

$$r_{11} = \frac{k}{k-1} \left(1 - \frac{\sum vt}{vt^2} \right)$$

(Arikunto, 2013:232)

Katrangan :

r_{11} = reliabilitas instrumen

k = cacah soal

$\sum vt$ = cacah varian butir

vt^2 = varian total

3) Analisis Asil Eksperimen

Kanggo nganalisis dhata-dhata tes kang wis diklumpukake yaiku asile panliten *eksperimen* kang nggunakake panliten *nonequivalent control group design* kanthi dhata kuantitatif nggunakake rumus t-tes signifikansi. Panliten *nonequivalent control group design* nduweni karakteristik padha karo panliten *pre-test post-test one group design* mula nggunakake rumus t-tes yaiku :

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum X^2 d}{N(N-1)}}}$$

(Arikunto, 2013:349)

Katrangan :

Md = *mean* saka bedane *pre-test* kanthi *post-test*

- X_d = deviasi saben subjek ($d - M_d$)
 $\sum x^2 d$ = cacah kuadrat deviasi
 N = subjek *sampel*
 $d.b.$ = ditemtokake kanthi $N-1$

4) Nemtokake t-tes Signifikansi

Sawise nganalisis dhata-dhata asil eksperimen kang dibutuhake, dhata kasebut kudu diolah maneh kanggo nemokake utawa mangsuli underane panliten. Banjur tahap sawise yaiku mbandhingake kaloro *mean*. Rumus kang digunakake kanggo mbandhingake kaloro *mean* yaiku :

$$t = \frac{M_x - M_y}{\sqrt{\left[\frac{\sum x^2}{N_x} + \frac{\sum y^2}{N_y} - 2 \right] \left[\frac{1}{N_x} + \frac{1}{N_y} \right]}}$$

(Arikunto, 2013:354)

Katrangan :

- M = biji rata-rata saben klompok
 N = akehe subjek
 x = deviasi saben biji x_2 dan x_1
 y = deviasi saben biji y_2 saka *mean* y_1

5) Nguji Hipotesis

Tata carane nguji hipotesis bedane *mean* yaiku :

(1) Ngrumusake hipotesis

- H_0 = asil pamulangan ing kelas eksperimen lan kelas kontrol ora *signifikan*.
 H_1 = asil pamulangan ing kelas eksperimen lan kelas kontrol *signifikan*.

(2) Nemtokake taraf kepercayaan 95% utawa taraf *signifikansi* 5% ($\alpha = 0,05$), saka db klompok eksperimen (36-1) lan db klompok kontrol (38-1). Mula bisa diitung db $74-2 = 72$, $t_{tabel} = 1,66$ banjur didadekake *kriteria* ditampa apa ora hipotesis kasebut.

(3) Nemtokake *kriteria* ditampa apa ora hipotesis ing panliten yaiku :

- H_0 ditampa = H_1 ditolak, yen $t_{itung} < t_{tabel}$
 H_0 ditolak = H_1 ditampa, yen $t_{itung} > t_{tabel}$

6) Analisis Dhata Angket

Dhata saka angket mujudake dhata kang nyengkuyung asil tes kang wis ditindakake. Sajrone angket nggunakake limang pilihan jawaban, yaiku 5 = Sarujuk Banget, 4 = Sarujuk, 3 = Kurang Sarujuk, 2 = Ora Sarujuk, 1 = Ora Sarujuk Banget. Mula kanggo nganalisis asil angket nggunakake rumus :

$$\frac{\text{cacah jawaban}}{\text{cacah responden}} \times \text{nilai kolom}$$

(Arikunto, 2013:21)

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Andhra Asil Uji Instrumen

Analisis asil uji instrumen 1 bakal diandharake adhedhasar biji saka kelas uji instrumen 1 kang ditindakake tanggal 18 Mei 2015 ing kelas VIIIB kang cacah ana 36 siswa. Jinis soal kang diwenehake ing kelas uji instrumen 1 yaiku soal *essay* utawa uraian. Soal kang diwenehake cacah ana 5, yaiku nomer 1 nduweni bobot biji 10, nomer 2 nganti no 4 nduweni bobot biji 20 saben nomer. Nomer 5 nduweni bobot nilai 30.

Adhedhasar andharan biji ing kelas uji instrumen 1 bisa ngitung cacah varian butir lan varian total. Kanggo ngitung varian total bisa digoleki kanthi cara nggoleki varian butir dhisik. Itungane bisa diandharake kaya ing ngisor iki.

a) Ngitung Varian Saben Butir

$$V^2_{(1)} = \frac{3356 - \frac{346^2}{36}}{36} = \frac{3356 - 3325,44}{36} = \frac{30,56}{36} = 0,84$$

$$V^2_{(2)} = \frac{11664 - \frac{644^2}{36}}{36} = \frac{11664 - 11520,44}{36} = \frac{143,56}{36} = 3,98$$

$$V^2_{(3)} = \frac{10832 - \frac{620^2}{36}}{36} = \frac{10832 - 10677,77}{36} = \frac{154,23}{36} = 4,28$$

$$V^2_{(4)} = \frac{12132 - \frac{658^2}{36}}{36} = \frac{12132 - 12026,77}{36} = \frac{105,23}{36} = 2,92$$

$$V^2_{(5)} = \frac{22912 - \frac{906^2}{36}}{36} = \frac{22912 - 22801}{36} = \frac{111}{36} = 3,08$$

b) Ngitung Cacah Varian Butir Soal

$$\sum V_b^2 = 0,84 + 3,98 + 4,28 + 2,92 + 3,08 = 15,10$$

c) Ngitung Varian Total

$$V_t^2 = \frac{280752 - \frac{3174^2}{36}}{36} = \frac{280752 - 279841}{36} = \frac{911}{36} = 25,30$$

d) Ngitung Reliabilitas Instrumen

$$\begin{aligned} r_{11} &= \frac{k}{k-1} \left(1 - \frac{\sum vb}{vt^2} \right) \\ &= \frac{36}{36-1} \left(1 - \frac{15,10}{25,30} \right) \\ &= \frac{36}{35} (1 - 0,59) \\ &= 1,02 (0,41) \\ &= 0,418 \end{aligned}$$

Saka asil itungan reliabilitas instrumen ing ndhuwur diweruhi asil $r_{itung} = 0,418$. Asil r_{itung} kasebut yen dibandhingake karo r_{tabel} kanthi $N = 36$ taraf *signifikansi* 5% yaiku $r_{tabel} = 0,329$. Mula bisa diweruhi yen $r_{itung} = 0,418 > r_{tabel} = 0,329$ saengga bisa didudut yen instrumen utawa soal test kasebut wis reliabel lan bisa utawa layak digunakake kanggo panliten sabanjure yaiku panliten ing kelas kontrol lan kelas eksperimen.

Analisis asil uji instrumen 2 diandharake adhedhasar biji saka kelas uji instrumen 2 kang ditindakake tanggal 22 Mei 2015 ing kelas VIII kang cacahé ana 36 siswa. Jinis soal kang diwenehake ing kelas uji instrumen 2 yaiku soal *essay* utawa uraian. Soal kang diwenehake cacahé ana 5, yaiku nomer 1 nduweni bobot biji 10, nomer 2 nganti no 4 nduweni bobot biji 20 saben nomer. Nomer 5 nduweni bobot nilai 30.

Adhedhasar andharan biji ing kelas uji instrumen 2 tabel ing ndhuwur bisa digawe ngitung cacahé varian butir lan varian total. Kanggo ngitung varian total bisa digoleki kanthi cara nggoleki varian butir dhisik. Itungane bisa diandharake kaya ing ngisor iki.

a) Ngitung Varian Saben Butir

$$\begin{aligned} V^2_{(1)} &= \frac{3096 - \frac{332^2}{36}}{36} = \frac{3096 - 3061,77}{36} = \frac{34,23}{36} = 0,95 \\ V^2_{(2)} &= \frac{12096 - \frac{656^2}{36}}{36} = \frac{12096 - 11953,77}{36} = \frac{142,23}{36} = 3,95 \\ V^2_{(3)} &= \frac{11408 - \frac{636^2}{36}}{36} = \frac{11408 - 11236}{36} = \frac{172}{36} = 4,77 \\ V^2_{(4)} &= \frac{11564 - \frac{642^2}{36}}{36} = \frac{11564 - 11449}{36} = \frac{115}{36} = 3,19 \\ V^2_{(5)} &= \frac{21827 - \frac{885^2}{36}}{36} = \frac{21827 - 21756,25}{36} = \frac{70,75}{36} = 1,96 \end{aligned}$$

b) Ngitung Cacahé Varian Butir Soal

$$\begin{aligned} \sum V_b^2 &= 0,95 + 3,95 + 4,77 + 3,19 + 1,96 \\ &= 14,82 \end{aligned}$$

c) Ngitung Varian Total

$$V_t^2 = \frac{276683 - \frac{3151^2}{36}}{36} = \frac{276683 - 275800,02}{36} = \frac{882,98}{36} = 24,52$$

d) Ngitung Reliabilitas Instrumen

$$\begin{aligned} r_{11} &= \frac{k}{k-1} \left(1 - \frac{\sum V_b^2}{vt^2} \right) \\ &= \frac{36}{36-1} \left(1 - \frac{14,82}{24,52} \right) \\ &= \frac{36}{35} (1 - 0,60) \\ &= 1,02 (0,40) \\ &= 0,408 \end{aligned}$$

Adhedhasar asil saka itungan reliabilitas instrumen kang wis diandharake ing ndhuwur bisa diweruhi asil $r_{itung} = 0,408$. Asil itungan r_{itung} kasebut dibandingake karo r_{tabel} kanthi $N = 36$ taraf signifikansi 5% yaiku $r_{tabel} = 0,329$. Mula saka kuwi bisa dimangerteni yen asil $r_{itung} = 0,408 > r_{tabel} = 0,329$ saengga bisa didudut yen instrumen utawa soal test kang wis diwenehake ing kelas uji instrumen 1 kasebut wis reliabel, tegese soal instrumen kasebut wis bisa utawa layak digunakake kanggo panliten sabanjure kang arep ditindakake yaiku panliten ing kelas kontrol lan kelas eksperimen.

Andhran Asil Panliten 1 Kelas Kontrol

Panliten kelas kontrol ing kelas VIIE ditindakake tanggal 20 Mei 2015 jam 12.40 nganti jam 14.00. Pamulangan ing kelas kontrol ditindakake kanthi alokasi wektu 2x40 menit. Ing kelas kontrol iki nindakake pamulangan tanpa nggunakake medhia. Ing panliten iki sadurunge nindakake pamulangan, para siswa luwih dhisik bakal nindakake *pre-test* kang wis dicepakake. Materi pamulangan kang ditindakake ing panliten iki yaiku nyemak cita rakyat Timun Emas. Banjur sawise nindakake *pre-test*, bakal ditindakake pamulangan yaiku nerangake materi cita rakyat lan dipungkasi kanthi menehi soal *post-test*.

Adhedhasar dhata kang ana nuduhake biji *pre-test* kang ditindakake ing kelas kontrol ngasilake biji rata-rata kelas 66,89. Rata-rata ing kelas kontrol kasebut durung bisa nggayuh SKM kang wis ditemtokake. Anggone nindakake *pre-test* iki ana 21,05% utawa 8 siswa kang wis tuntas lan ana 78,94% utawa 30 siswa kang durung tuntas.

Asil *post-test* kang ditindakake ing kelas kontrol iki nduweni biji rata-rata kelas 69,34. Rata-rata biji *post-test* kang wis ditindakake dening siswa durung bisa nggayuh SKM kang ditemtokake dening sekolah. Biji SKM kang wis ditemtokake sekolah yaiku 80. Adhedhasar dhata ing tabel nuduhake yen ana 28,94% utawa 11 siswa kang wis tuntas lan ana 71,05% utawa 27 siswa kang durung tuntas.

Adhedhasar biji *pre-test* lan *post-test* kasebut bakal diitung *efektivitas* pamulangan ing kelas kontrol kasebut.

(a) Carane ngitung d (tabel)

D = biji *post-test* – biji *pretest*

(b) Carane ngitung mean :

$$\begin{aligned} Md &= \frac{\sum d}{N} \\ &= \frac{93}{38} \\ &= 2,44 \end{aligned}$$

Sawise nemtokake mean skor pamulangan ing kelas kontrol, banjur bakal ngitung *efektivitas* pamulangan ing kelas kontrol kanthi nggunakake rumus *t-signifikansi* lan kanggo nguji hipotesis. Carane ngitung *t-signifikansi* yaiku :

$$\begin{aligned} t &= \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum X^2 d}{N(N-1)}}} \\ &= \frac{2,44}{\sqrt{\frac{6307,40}{38(38-1)}}} \\ &= \frac{2,44}{2,11} \\ &= 1,156 \end{aligned}$$

Saka kriteria kang wis ditemtokake ing panliten kelas kontrol kanthi $N = 38$, taraf *signifikansi* 5% yaiku $t_{tabel} 1,685$. Mula bisa dimangerteni yen $t_{itung} = 1,156 <$

$t_{\text{tabel}} = 1,685$. Adhedhasar panemu kasebut bisa didudut yen H_0 ditampa lan H_1 ditolak, ateges *efektivitas* pamulangan ing kelas kontrol kagolong ora *signifikan* lan pamulangan ing kelas kontrol iki ora nduweni pangaribawa tumrap kawasisan nyemak cita rakyat.

Andharan Asil Panliten 1 Kelas Eksperimen

Panliten ing kelas eksperimen ditindakake ing kelas VIIA tanggal 21 Mei 2015 jam 10.10 nganti 11.30. Pamulangan kelas eksperimen iki katindakake kanthi alokasi wektu 2×40 menit. Panliten ing kelas eksperimen iki diwiwiti kanthi nindakake *pre-test* kanthi cara nggarap soal kang wis dicepakake dening guru. Banjur sawise nindakake *pre-test*, bakal nindakake pamulangan ngenani nyemak cita rakyat yaiku nerangake unsur intrinsik lan nyemak cita rakyat kanthi medhia *movie maker*. Sawise nindakake pamulangan kasebut, panliten ing kelas eksperimen bakal dipungkasi kanthi nindakake *post-test*. Mula saka kuwi perangan iki bakal ngandharake ngenani asil *pre-test* lan *post-test* kang wis ditindakake ing kelas eksperimen.

Adhedhasar dhata nuduhake biji *pre-test* kang wis ditindakake ing kelas eksperimen. Biji rata-rata *pre-test* kang diasilake yaiku 59,91. Biji rata-rata kang diasilake kelas eksperimen kasebut durung bisa nggayuh SKM kang wis ditemtokake sekolah. Anggone nindakake *pre-test* iki ana 16,66% utawa 6 siswa kang wis bisa nggayuh katuntasan lan ana 83,33% utawa 30 siswa kang durung bisa nggayuh katuntasan.

Adhedhasar tabel biji *post-test* kelas eksperimen ing ndhuwur nuduhake asil biji kang wis ditindakake siswa sawise nampa pamulangan materi lan tindakan nggunakake medhi *movie maker*. *Post-test* kang ditindakake ing kelas eksperimen iki nduweni biji rata-rata kelas 80,72. Biji SKM kang wis ditemtokake dening sekolah yaiku 80. Adhedhasar biji kang ana ing tabel nuduhake yen ana 83,33% utawa 30 siswa kang wis tuntas lan ana 16,66% utawa 6 siswa kang durung tuntas.

Adhedhasar biji *pre-test* lan *post-test* kasebut bakal diitung *efektivitas* pamulangan ing kelas eksperimen kasebut.

(a) Carane ngitung d (tabel)

D = biji *post-test* – biji *pretest*

(b) Carane ngitung mean :

$$\begin{aligned} Md &= \frac{\sum d}{N} \\ &= \frac{749}{36} \\ &= 20,80 \end{aligned}$$

Sawise nemtokake mean skor pamulangan ing kelas eksperimen, banjur bakal ngitung *efektivitas* pamulangan ing kelas eksperimen kanthi nggunakake rumus *t-signifikansi* lan kanggo uji hipotesis. Carane ngitung *t-signifikansi* yaiku :

$$\begin{aligned} t &= \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum X^2 d}{N(N-1)}}} \\ &= \frac{20,80}{\sqrt{\frac{8429,64}{36(36-1)}}} \\ &= \frac{20,80}{2,58} \\ &= 8,062 \end{aligned}$$

Saka kriteria kang wis ditemtokake ing panliten kelas kontrol kanthi $N = 36$, taraf *signifikansi* 5% yaiku $t_{\text{tabel}} = 1,688$. Mula bisa dimangerteni yen $t_{\text{itung}} = 8,062 > t_{\text{tabel}} = 1,685$. Adhedhasar panemu kasebut bisa didudut yen H_0 ditolak lan H_1 ditampa, ateges *efektivitas* pamulangan ing kelas eksperimen kagolong *signifikan*. Miturut hipotesis kang diandharake, medhia *movie maker* nduweni pangaribawa tumrap kawasisan nyemak cita rakyat ing kelas VII SMP Negeri 19 Surabaya.

Asil *pre-test* nuduhake ana 6 siswa kang tuntas utawa 17,64 % saka 34 siswa kang melu proses pamulangan ing kelas eksperimen, lan ana 28 siswa utawa 82,35% kang durung bisa nggayuh katuntasan. Nalika nindakake *post-test* ana 30 siswa utawa 88,23% kang wis bisa nggayuh katuntasan, lan ana 4 siswa utawa 11,76% kang durung tuntas. Adhedhasar andharan kasebut rata-rata katuntasan ing kelas eksperimen mundhak kanthi *signifikan*.

Andharan Analisis Pangaribawane Medhia *Movie Maker* Tumrap Kawasisan Nyemak Cita Rakyat (Panliten 1)

Kanggo ndeleng pangaribawane tindakan kang wis ditrapake sajrone panliten digunakake rumus *t*-tes *signifikansi*. Mula kanggo ngitung *t*-tes *signifikansi*, yaiku :

(a) Ngitung $\sum X^2$

$$\begin{aligned} Mx &= \frac{\sum X}{N} \\ &= \frac{93}{38} \\ &= 2,44 \end{aligned}$$

$$\begin{aligned} \sum X^2 &= \sum X^2 - \frac{(\sum X)^2}{N} \\ &= 6519 - \frac{93^2}{38} \\ &= 6519 - \frac{8649}{38} \\ &= 6519 - 227,60 \\ &= 6291,40 \end{aligned}$$

(b) Ngitung $\sum Y^2$

$$\begin{aligned} My &= \frac{\sum y}{N} \\ &= \frac{749}{36} \\ &= 20,80 \end{aligned}$$

$$\begin{aligned} \sum y^2 &= \sum y^2 - \frac{(\sum y)^2}{N} \\ &= 24013 - \frac{(749)^2}{36} \end{aligned}$$

$$\begin{aligned}
 &= 24013 - \frac{561001}{36} \\
 &= 24013 - 15583,36 \\
 &= 8429,64
 \end{aligned}$$

(c) Ngitung t-tes *signifikansi*

$$\begin{aligned}
 t &= \frac{|Mx - My|}{\sqrt{\left(\frac{\sum x^2 + \sum y^2}{Nx + Ny - 2}\right) \left(\frac{1}{Nx} + \frac{1}{Ny}\right)}} \\
 &= \frac{|2,44 - 20,80|}{\sqrt{\left(\frac{6291,40 + 8429,64}{38 + 36 - 2}\right) \left(\frac{1}{38} + \frac{1}{36}\right)}} \\
 &= \frac{|18,36|}{\sqrt{\left(\frac{14721,04}{72}\right) \left(\frac{74}{1368}\right)}} \\
 &= \frac{|18,36|}{\sqrt{(204,45)(0,054)}} \\
 &= \frac{|18,36|}{\sqrt{11,04}} \\
 &= \frac{|18,36|}{3,32} \\
 &= 5,530
 \end{aligned}$$

Adhedhasar asil panliten 1 kelas kontrol lan kelas eksperimen yaiku $t_{itung} = 5,530 > t_{tabel} = 1,666$. Saka asil kasebut nuduhake yen asil $t_{itung} > t_{tabel}$ utawa asil t-tes *signifikansi* luwih dhuwur tinimbang tabel. Mula saka kuwi bisa didudut yen H_0 ditolak lan H_1 ditampa, ateges asil panliten kelas kontrol lan kelas eksperimen kagolong *signifikan*, lan medhia *movie maker* nduweni pangaribawa tumrap kawasan nyemak cita rakyat kelas VII SMP Negeri 19 Surabaya.

Andhra Asil Panliten 2 Kelas Kontrol

Panliten 2 kelas kontrol ing kelas VIIIE ditindakake tanggal 25 Mei 2015 jam 12.40 nganti jam 14.00. Pamulangan ing kelas kontrol ditindakake kanthi alokasi wektu 2x40 menit. Kaya dene ing panliten 1, panliten 2 kelas kontrol iki uga nindakake pamulangan tanpa nggunakake medhia. Ing panliten iki sadurunge nindakake pamulangan, para siswa luwih dhisik bakal nindakake *pre-test* kang wis dicepakake dening guru. Materi pamulangan kang ditindakake ing panliten iki yaiku nyemak cita rakyat Keong Emas. Banjur sawise nindakake *pre-test*, bakal ditindakake pamulangan yaiku nerangake materi cita rakyat lan dipungkasi kanthi menehi soal *post-test*.

Dhata biji *pre-test* kang ditindakake ing kelas kontrol. Adhedhasar dhata kasebut bisa dimangerteni biji rata-rata kelas kontrol yaiku 67,47. Rata-rata kasebut durung bisa nggayuh SKM kang wis ditemtokake dening sekolah. Sekolah wis nemtokake SKM, yaiku 80. Anggone nindakake *pre-test* iki ana 26,31% utawa 10 siswa kang wis tuntas lan ana 73,68% utawa 28 siswa kang durung tuntas.

Adhedhasar dhata asil *post-test* kang wis ditindakake siswa kelas kontrol sawise nampa pamulangan. Ana saperangan siswa kang bijine *post-test* luwih apik utawa mundhak tinimbang bijine *pre-test*

kang wis ditindakake sadurunge. Saliyane kuwi uga ana siswa kang bijine *post-test* luwih ala utawa mudhun tinimbang bijine *pre-test*. *Post-test* kang ditindakake ing kelas kontrol iki nduweni biji rata-rata kelas 70,10. Rata-rata biji *post-test* kang wis ditindakake dening siswa durung bisa nggayuh SKM kang ditemtokake dening sekolah. Adhedhasar dhata ing tabel nuduhake yen ana 31,57% utawa 12 siswa kang wis tuntas lan ana 68,42% utawa 26 siswa kang durung tuntas. Mula bisa dimangerteni yen persentase katuntasan durung bisa digayuh dening kelas kontrol, amarga persentase katuntasan kang diasilake ing kelas kontrol kurang saka 80%.

Asil biji *pre-test* lan *post-test* kang wis ditindakake ing kelas kontrol, biji *pre-test* lan *post-test* kasebut bakal diitung *efektivitas* pamulangane.

(a) Carane ngitung d (tabel)

$$D = \text{biji } post\text{-test} - \text{biji } pretest$$

(b) Carane ngitung mean :

$$\begin{aligned}
 Md &= \frac{\sum d}{N} \\
 &= \frac{100}{38} \\
 &= 2,63
 \end{aligned}$$

Sawise nemtokake mean skor pamulangan ing kelas kontrol, banjur bakal ngitung *efektivitas* pamulangan ing kelas kontrol kanthi nggunakake rumus *t-signifikansi* lan kanggo nguji hipotesis. Carane ngitung *t-signifikansi* yaiku :

$$\begin{aligned}
 t &= \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum X^2 d}{N(N-1)}}} \\
 &= \frac{2,63}{\sqrt{\frac{6360,84}{38(38-1)}}} \\
 &= \frac{2,63}{2,12} \\
 &= 1,240
 \end{aligned}$$

Adhedhasar kriteria kang wis ditemtokake ing panliten kelas kontrol kanthi $N = 38$, taraf *signifikansi* 5% yaiku $t_{tabel} = 1,685$. Mula bisa didudut yen $t_{itung} = 1,240 < t_{tabel} = 1,685$. Panemu kasebut bisa dimangerteni yen H_0 ditampa lan H_1 ditolak, ateges *efektivitas* pamulangan kang ditindakake ing kelas kontrol kagolong ora *signifikan*. Saliyane kuwi pamulangan ing kelas kontrol iki uga ora nduweni pangaribawa tumrap kawasan nyemak cita rakyat.

Andharan Asil Panliten 2 Kelas Eksperimen

Panliten 2 ing kelas eksperimen ditindakake ing kelas VIIIA. Panliten iki ditindakake tanggal 26 Mei 2015 jam 06.30 nganti 07.50. Pamulangan kelas eksperimen iki katindakake kanthi alokasi wektu 2x40 menit. Kaya dene ing panliten 1, panliten 2 ing kelas eksperimen uga diwiwiti kanthi nindakake *pre-test* luwih dhisik kanthi cara nggarap soal kang wis dicepakake dening guru.

Sawise nindakake *pre-test*, siswa bakal nindakake pamulangan ngenani nyemak cita rakyat yaiku guru nerangake unsur intrinsik cita rakyat lan siswa nyemak cita rakyat kanthi medhia *movie maker*. Sawise nindakake pamulangan kasebut, panliten ing kelas eksperimen bakal dipungkasi kanthi nindakake *post-test*.

Panliten ing kelas eksperimen ngasilake biji rata-rata *pre-test* yaiku 69,05. Rata-rata kelas eksperimen kasebut uga durung bisa nggayuh SKM kang wis ditemtokake dening sekolah, yaiku 80. Asil *pre-test* iki nuduhake ana 19,44% utawa 7 siswa kang wis tuntas lan ana 80,55% utawa 29 siswa kang durung tuntas. Asil persentase kasebut nuduhake katuntasan ing kelas eksperimen durung bisa digayuh.

Asil biji *post-test* kelas eksperimen kang wis ditindakake siswa sawise nampa pamulangan materi lan tindakan nggunakake medhi *movie maker*. *Post-test* kang ditindakake ing kelas eksperimen iki nduweni biji rata-rata kelas 82,77. Adhedhasar biji kang ana ing tabel nuduhake yen ana 86,11% utawa 31 siswa kang wis tuntas lan ana 13,88% utawa 5 siswa kang durung tuntas.

Adhedhasar biji *pre-test* lan *post-test* kasebut bakal diitung *efektivitas* pamulangan ing kelas eksperimen.

(a) Carane ngitung d (tabel)

D = biji *post-test* – biji *pretest*

(b) Carane ngitung mean :

$$\begin{aligned} Md &= \frac{\sum d}{N} \\ &= \frac{494}{36} \\ &= 13,72 \end{aligned}$$

Sawise nemtokake mean skor pamulangan ing kelas eksperimen, banjur bakal ngitung *efektivitas* pamulangan ing kelas eksperimen kanthi nggunakake rumus *t-signifikansi* lan kanggo nguji hipotesis. Carane ngitung *t-signifikansi* yaiku :

$$\begin{aligned} t &= \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum X^2 d}{N(N-1)}}} \\ &= \frac{13,72}{\sqrt{\frac{3493,44}{36(36-1)}}} \\ &= \frac{13,72}{1,66} \\ &= 8,265 \end{aligned}$$

Saka kriteria kang wis ditemtokake ing panliten kelas kontrol kanthi N = 36, taraf *signifikansi* 5% yaiku $t_{\text{tabel}} = 1,688$. Mula bisa dimangerteni yen $t_{\text{itung}} = 8,265 > t_{\text{tabel}} = 1,685$. Adhedhasar panemu kasebut bisa didudut yen H_0 ditolak lan H_1 ditampa, ateges *efektivitas* pamulangan ing kelas eksperimen kagolong *signifikan*. Miturut hipotesis kang diandharake, medhia *movie maker* nduweni pangaribawa tumrap kawasisan nyemak cita rakyat ing kelas VII SMP Negeri 19 Surabaya.

Asil *pre-test* nuduhake ana 7 siswa kang tuntas utawa 19,44% saka 36 siswa kang melu proses pamulangan ing kelas eksperimen, lan ana 29 siswa utawa 80,55% kang durung bisa nggayuh katuntasan. Nalika nindakake *post-test* ana 31 siswa utawa 86,11% kang wis bisa nggayuh katuntasan, lan ana 5 siswa utawa 13,88% kang durung tuntas. Adhedhasar andharan kasebut rata-rata katuntasan ing kelas eksperimen mundhak kanthi *signifikan*.

Andharan Analisis Pangaribawane Medhia *Movie Maker* Tumrap Kawasisan Nyemak Cita Rakyat (Panliten 2)

Kanggo mangerteni pangaribawane tindakan kang wis ditrapake sajrone panliten digunakake rumus *t-tes signifikansi*. Mula kanggo ngitung *t-tes signifikansi*, yaiku :

(d) Ngitung $\sum X^2$

$$\begin{aligned} Mx &= \frac{\sum X}{N} \\ &= \frac{100}{38} \\ &= 2,63 \\ \sum X^2 &= \sum X^2 - \frac{(\sum X)^2}{N} \\ &= 6624 - \frac{100^2}{38} \\ &= 6624 - \frac{10000}{38} \\ &= 6624 - 263,15 \\ &= 6360,85 \end{aligned}$$

(e) Ngitung $\sum Y^2$

$$\begin{aligned} My &= \frac{\sum y}{N} \\ &= \frac{494}{36} \\ &= 13,72 \\ \sum y^2 &= \sum y^2 - \frac{(\sum y)^2}{N} \\ &= 10268 - \frac{(494)^2}{36} \\ &= 10268 - \frac{244036}{36} \\ &= 10268 - 6778,77 \\ &= 3489,23 \end{aligned}$$

(f) Ngitung *t-tes signifikansi*

$$\begin{aligned} t &= \frac{|Mx - My|}{\sqrt{\left(\frac{\sum x^2 + \sum y^2}{Nx + Ny - 2}\right) \left(\frac{1}{Nx} + \frac{1}{Ny}\right)}} \\ &= \frac{|2,63 - 13,72|}{\sqrt{\left(\frac{6360,85 + 3489,23}{38 + 36 - 2}\right) \left(\frac{1}{38} + \frac{1}{36}\right)}} \\ &= \frac{|11,09|}{\sqrt{\left(\frac{9850,08}{72}\right) \left(\frac{74}{1368}\right)}} \\ &= \frac{|11,09|}{\sqrt{(136,80)(0,054)}} \\ &= \frac{|11,09|}{\sqrt{7,38}} \\ &= \frac{|11,09|}{2,71} \\ &= 4,092 \end{aligned}$$

Adhedhasar asil panliten 1 kelas kontrol lan kelas eksperimen yaiku $t_{itung} = 4,092 > t_{tabel} = 1,666$. Saka asil kasebut nuduhake yen asil $t_{itung} > t_{tabel}$ utawa asil t-tes *signifikansi* luwih dhuwur tinimbang tabel. Mula saka kuwi bisa didudut yen H_0 ditolak lan H_1 ditampa, ateges asil panliten kelas kontrol lan kelas eksperimen kagolong *signifikan*, lan medhia *movie maker* nduweni pangaribawa tumrap kawasisan nyemak cita rakyat kelas VII SMP Negeri 19 Surabaya.

Andhra Analisis Dhata Angket

Pambiji sajrone panliten iki, ora mung *pre-test* lan *post-test* kang awujud soal *essay* utawa uraian. Saliyane kuwi, nglumpukake dhata uga nggunakake angket. Angket ditindakake marang siswa ing pungkasan panliten 2 tanggal 26 Mei 2015, yaiku pungkasan proses pamulangan panliten 2 ditindakake. Angket iki diwenehake marang siswa ing kelas eksperimen, sawise siswa nggarap soal *post-test* 2. Ing angket iki ana 10 pitakonan ngenani pangetrapan medhia *movie maker* sajrone proses pamulangan. Skala pambiji kang digunakake ana 5 pilihan, yaiku 5 = sarujuk banget, 4 = sarujuk, 3 = kurang sarujuk, 2 = ora sarujuk, 1 = ora sarujuk banget.

Rata-rata lan persentase saben aspek utawa pranyatan kang diasilake siswa kang milih skor 5 utawa sarujuk banget ngasilake rata-rata 21,7 kanthi persentase 60,27%. Sabanjure siswa kang milih skor 4 utawa sarujuk ngasilake rata-rata 13,6 kanthi persentase 37,77%. Saliyane kuwi siswa kang milih skor 3 utawa kurang sarujuk ngasilake rata-rata 0,7 kanthi persentase 1,94%. Ora ana siswa kang milih skor 2 utawa ora sarujuk lan skor 1 utawa ora sarujuk banget sajrone angket kasebut.

Adhedhasar skor rata-rata lan persentase ing ndhuwur nuduhake yen skor 5 utawa sarujuk banget ngasilake rata-rata lan persentase paling dhuwur tinimbang skor liyane. Saka dhata kasebut bisa dimangerteni yen wis akeh siswa kang sarujuk banget tumrap andharan saben aspek utawa pranyatan sajrone angket.

PANUTUP

Dudutan

Ing bab iki bakal ngandharake ngenani dudutan asil panliten kang wis ditindakake ing kelas kontrol lan kelas eksperimen. Asil panliten kang diandharake ing bab iki yaiku asil panliten saka panliten 1, uga panliten 2, lan pangaribawane medhia *movie maker* tumrap kawasisan siswa nyemak cita rakyat. Mula andharane bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

- (1) Asil *efektivitas* pamulangan panliten 1 kelas kontrol lan kelas eksperimen ngasilake t-tes

signifikansi kanthi $t_{itung} = 5,530 > t_{tabel} = 1,666$. Adhedhasar dhata kasebut bisa dimangerteni yen ana pambeda kang *signifikan* antarane pamulangan ing kelas kontrol kang tanpa nggunakake medhia *movie maker* lan pamulangan ing kelas eksperimen kang nggunakake medhia *movie maker*. Bisa didudut yen H_0 ditolak lan H_1 ditampa.

- (2) Asil *efektivitas* pamulang panliten 2 kang ditindakake ing kelas kontrol lan kelas eksperimen ngasilake t-tes *signifikansi* kanthi $t_{itung} = 4,092 > t_{tabel} = 1,666$. Adhedhasar dhata kasebut bisa dimangerteni yen ana pambeda kang *signifikan* antarane pamulangan kang ditindakake ing kelas kontrol kang tanpa nggunakake medhia *movie maker* lan pamulangan ing kelas eksperimen kang nggunakake medhia *movie maker*. Bisa didudut yen H_0 ditolak lan H_1 ditampa.

- (3) Medhia *movie maker* nduweni pangaribawa tumrap kawasisan siswa anggone nyemak cita rakyat kelas VII. Ana pambeda kang *signifikan* asil pasinaon siswa sadurunge medhia *movie maker* ditrapake lan sawise medhia *movie maker* ditrapake, saengga bisa didudut yen medhia *movie maker* nduweni pangaribawa tumrap kawasisan siswa nyemak cita rakyat.

Asil angket *respons* siswa ing kelas eksperimen nuduhake yen 60,27% siswa kelas eksperimen sarujuk banget utawa rumangsa seneng lan luwih gampang anggone nggarap soal nalika nggunakake medhia *movie maker* sajrone proses pamulangan. Persentase 37,77% siswa kelas eksperimen sarujuk utawa rumangsa yen medhia *movie maker* kang ditrapake sajrone pamulangan nyemak cita rakyat bisa nuwuhake semangat kanggo nyinaoni materi kang diwulangake.

Pamrayoga

Panliten ngenani pangaribawane medhia *movie maker* tumrap kawasisan nyemak cita rakyat kelas VII SMP Negeri 19 Surabaya diajab bisa awesh piguna marang panliten-panliten sabanjure, saengga panliten sabanjure bisa lumaku kanthi luwih becik. Panliti anggone nindakake panliten iki oleh pambiyantu saka dosen pembimbing skripsi, guru pamong lan kanca sejawat. Saliyane kuwi panliten iki bisa dadi *referensi* kanggo pamulangan kang ditindakake ing kelas saben dinane.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2013. *Prosedur Penelitian : Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Arsyad, Azhar. 2011. *Media Pembelajaran*. Jakarta : Kharisma Putra Utama Offset.

- Asyhar, Rayandra. 2011. *Kreatif Mengembangkan Media Pembelajaran*. Jakarta : Gaung Persada Press.
- Basir, Udjang Pr M. 2011. *Keterampilan Menulis : Dasar Menulis Ilmiah dalam Tulisan Latin dan Jawa (Pengantar Teori dan Praktik)*. Surabaya : Penerbit Bintang Surabaya.
- Basir, Udjang Pr M. 2010. *Sosiolinguistik : Pengantar Kajian Tindak Berbahasa*. Surabaya : Penerbit Bintang Surabaya.
- Danandjaya, James. 1986. *Foklor Indonesia : Ilmu Gosip, Dongeng, dan lain-lain*. Jakarta : PT Pustaka Utama Grafiti.
- Hanafi, Natasasmita. 1995. *Panduan Bahasa dan Sastra Indonesia*. Bandung : Humaioresa Utama Press.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara yang Terlupakan*. Malang : Dioma.
- Munadi, Yudhi. 2008. *Media Pembelajaran*. Jakarta : Gaung Perdana Press.
- Najid, Moh. 2009. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya : University Press.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press.
- Pringgawidagda, Suwarno. 2002. *Strategi Penguasaan Berbahasa*. Yogyakarta : Adicita Karya Nusa.
- Sadiman, Arief S. 2010. *Media Pendidikan : Pengertian, Pengembangan, dan Pemanfaatannya*. Jakarta : Rajawali Pers.
- Sinaga, Anggiat M. dan Sri Hadiati. 2001. *Pemberdayaan Sumber Daya Manusia*. Jakarta : Lembaga Administrasi Negara Republik Indonesia.
- Sudjana, Nana. 2004. *Penilaian Hasil Proses Belajar Mengajar*. Jakarta : PT. Remaja Rosdakarya.
- Sudjana dan Rivai. 2010. *Teknologi Pengajaran*. Bandung : Sinar Baru Algesindo.
- Sugiyono. 2012. *Metode Penelitian Kuantitatif dan Kualitatif dan R&D*. Bandung : Alfabeta.
- Surakhmad, Winarno. 1982. *Pengantar Penelitian Ilmiah*. Bandung : Tarsito.
- Tarigan, Henry Guntur. 2008. *Menyimak : Sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung : Penerbit Angkasa Bandung.
- Tim Penyusun. 2014. *Buku Panduan Skripsi*. Surabaya : FBS UNESA.
- Tutang dan Annas, Fajar Syaeful. 2006. *10 Menit Saja Editing Video Dengan Windows Movie Maker*. Jakarta : Datakom Lintas Buana.